



**ASESMEN MADRASAH  
MI PSM NGALE  
TAHUN PELAJARAN 2025/2026**

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Hari/Tanggal	: .....
Kelas/Semester	: 6 / Genap	Waktu	: .....

1. **Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!**  
Sabèn jam pitu esuk, bocah-bocah SD Suka Maju wis baris ana ing latar sekolah. Dina iki dina Senen, wayahe upacara bendera. Kabèh padha nganggo seragam abang putih pepak karo topi lan dasi. Manut wacan ing dhuwur, bocah-bocah baris ana ing latar sekolah amarga arep ....  
A. olahraga  
B. upacara bendera  
C. pramuka  
D. resik-resik
2. Basa krama alus saka ukara 'Aku mangkat sekolah jam enem esuk' kang bener yaiku ....  
A. Kula budhal sekolah jam enem enjing  
B. Kula mangkat sekolah jam enem esuk  
C. Kula kesah sekolah jam enem esuk  
D. Kula tindak sekolah jam enem enjing
3. Budi iku bocah sing sregep lan tansah nggatekake yen gurune lagi nerangake pelajaran. Sikap sing dituduhake Budi kasebut nuduhake nilai ....  
A. kedisiplinan lan tanggung jawab  
B. kesed  
C. sembrana  
D. Kumawani
4. Adhine bapak utawa ibu sing lanang yen diceluk miturut silsilah kulawarga diarani ....  
A. Pakdhe  
B. Paklik  
C. Budhe  
D. Bulik
5. Manawa didhawuhi dening bapak utawa ibu, minangka anak kudu wangsulan nggunakake basa ....  
A. ngoko lugu  
B. ngoko alus  
C. krama alus  
D. krama desa
6. **Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!**  
Siti: "Bu, ibu badhe ... dhateng pundi?"  
Ibu: "Ibu arep menyang pasar, Nduk."  
Tembung kang trep kanggo ngisi ceceg-ceceg ing pacelathon kasebut yaiku ....  
A. lunga  
B. kesah  
C. tindak  
D. Mlayu
7. **Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!**  
Pangeran Diponegoro iku salah sawijining pahlawan nasional kang gigih nglawan penjajah Walanda. Perang Diponegoro kedadeyan ing taun 1825 nganti 1830. Sanajan asale saka kalangan keraton, Pangeran Diponegoro luwih seneng urip srawung karo kawula alit ing Tegalrejo. Sipat kang bisa dituladhani saka Pangeran Diponegoro miturut wacan kasebut yaiku ....

- A. sombong amarga anak raja
  - B. seneng urip srawung karo kawula alit
  - C. seneng perang sadhengah wektu
  - D. seneng njaluk tetulung marang Walanda
8. Pahlawan kang gugur ing medan perang kanggo mbelani bangsa lan nagara nuduhake sikep ....
- A. lila legawa lan wani kurban
  - B. adigang adigung adiguna
  - C. ngutamakake kapentingan pribadi
  - D. wedi marang mungsuh
9. Pahlawan wanita saka Jepara kang merjuangake drajate kaum wanita supaya bisa padha karo wong lanang yaiku ....
- A. Cut Nyak Dien
  - B. R.A. Kartini
  - C. Dewi Sartika
  - D. Martha Christina Tiahahu
10. Gotong royong minangka budaya bangsa Indonesia kang duwe tujuan kanggo ....
- A. nambah pametu warga
  - B. ngenthengake pegaweyan kang abot
  - C. golek pangalembana saka pimpinan
  - D. ngunggulake dhiri pribadi
11. *Gatekna gambar ing ngisor iki!*



- Kegiatan ing gambar kasebut kalebu tuladha gotong royong ing lingkungan ....
- A. sekolah
  - B. kulawarga
  - C. masyarakat
  - D. Nagara
12. *Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!*  
Dina Minggu esuk, warga Desa Sukamaju padha kumpul ing balai desa. Kabeh padha nggawa arit, sapu, lan pacul. Dina iku warga arep nindakake kerja bakti ngresiki dalan lan selokan supaya ora banjir nalika mangsa rendheng.  
Apa tujuane warga Desa Sukamaju nindakake kerja bakti?
- A. Supaya entuk bayaran saka kepala desa
  - B. Supaya ora banjir nalika mangsa rendheng
  - C. Supaya dalane bisa dilewati montor mabur
  - D. Supaya desane melu lomba desa resik
13. *Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!*  
Bapak pocung renteng-renteng kaya kalung,  
Dawa kaya ula,  
Pencokanmu wesi miring,  
Sing disaba si pocung mung turut kutha.  
Tembang ing dhuwur kalebu jinise tembang macapat ....
- A. Mijil
  - B. Pocung
  - C. Kinanthi
  - D. Pangkur



3	Nganggo seragam jumbuh karo aturane sekolah
4	Nggarap PR ing sekolah nalika wektu pelajaran

Manut tabel kasebut, kang kalebu tumindak disiplin minangka wujud tanggung jawab ing sekolah dituduhake dening nomer ....

- A. 1
- B. 2
- C. 3
- D. 4

22. **Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!**

Sipat lan watake pahlawan kang kudu ditiru dening para siswa yaiku ....

- A. rila kurban mbelani bebener
- B. wani amarga bener, wedi amarga salah
- C. gampang nyerah yen nemoni alangan
- D. njaluk piwales saben mari tetulung

23. **Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!**

Paugeran (aturan) kang ngiket tembang macapat yaiku ....

- A. guru gatra
- B. guru swara
- C. guru lagu
- D. guru basa

24. **Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!**

Unsur-unsur kang kudu digatekake supaya bisa maca geguritan kanthi apik lan endah yaiku ....

- A. wirama (nada/intonasi)
- B. wiraga (ekspresi awak)
- C. guru gatra (cacahé baris)
- D. parikan (pantun)

25. **Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!**

Ing ngisor iki kang kalebu sandhangan swara ing aksara Jawa yaiku ....

- A. wulu
- B. suku
- C. cakra
- D. Pengkal

26. **Wenehana tandha ping (X) utawa centhang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!**

Gatekna pranyatan ing ngisor iki ngenani unggah-ungguh basa ing kulawarga!

Pernyataan	Bener	Luput
Nalika guneman karo bapak utawa ibu, prayogane nggunakake basa krama.		
Basa ngoko lugu digunakake nalika adhi guneman karo kangmase sing luwih tuwa.		
Ukara 'Kula badhe kesah dhateng sekolah' mujudake basa krama kang trep kanggo matur marang wong tuwa.		

27. **Wenehana tandha ping (X) utawa centhang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!**

Gatekna pranyatan ing ngisor iki ngenani gotong royong!

Pernyataan	Bener	Luput
Gotong royong bisa ndadekake pegaweyan sing abot dadi luwih entheng.		
Reresik kelas bebarengan dudu kalebu tumindak gotong royong ing sekolah.		
Tumindak gotong royong nuduhake rasa peduli lan guyub rukun ing masyarakat.		

28. *Wenehana tandha ping (X) utawa centhang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!*

Gatekna pranyatan ing ngisor iki ngenani tembang macapat!

Pernyataan	Bener	Luput
Tembang Pocung iku salah sawijining tembang macapat kang cacahé gatra ana 4.		
Guru lagu yaiku cacahé wanda (suku kata) saben sagatra.		
Tembang macapat mung bisa diwaca tanpa ditembangake.		

29. *Wenehana tandha ping (X) utawa centhang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!*

Gatekna pranyatan ing ngisor iki ngenani gancaran lan geguritan!

Pernyataan	Bener	Luput
Gancaran padha karo prosa kang wujudé paragraf-paragraf bebas.		
Geguritan yaiku puisi Jawa modern kang ora kaiket dening guru gatra, wilangan, lan lagu.		
Wirasa ing geguritan ora penting amarga sing penting suwarane banter.		

30. *Wenehana tandha ping (X) utawa centhang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!*

Gatekna pranyatan ing ngisor iki ngenani aksara Jawa!

Pernyataan	Bener	Luput
Aksara Jawa legena (carakan) cacahé ana 20.		
Sandhangan pepet digunakake kanggo ngasilake swara 'u'.		
Aksara pasangan digunakake kanggo mateni aksara vokal ing tengah tembung utawa ukara.		

31. Papan kanggo maca lan nyilih buku ing lingkungan sekolah diarani ....
32. Sedulur tuwa dhewe utawa anak kang lair kapisan ing kulawarga diarani anak ....
33. Pahlawan kang wani ngorbanake jiwa lan raga kanggo mbelani negara nuduhake watak lila lan ....
34. Kegiatan reresik dalan utawa lingkungan desa sing ditindakake bebarengan dening warga tanpa entuk bayaran diarani ....
35. Wong kang ngarang utawa nulis geguritan ing basa Jawa diarani ....
36. Gawea 2 (loro) ukara nggunakake basa krama alus babagan kegiatan ing sekolah!
37. Sebutna 3 (telu) tuladha unggah-ungguh utawa tata krama kang becik marang wong tuwa nalika ing omah!
38. Sebutna 3 (telu) nilai kepahlawanan utawa watak satriya kang patut dituladhani ing urip saben dina!

39. Jlentrehna tegese paugeran tembang macapat ing ngisor iki!  
a. Guru gatra                      b. Guru wilangan                      c. Guru lagu
40. Owahana ukara ing ngisor iki dadi tulisan aksara Jawa kang bener! "tuku sate"